

EPIDEMI LAWOUJÒL NAN VIL NEW YORK

Rete Enfòmasyon sou Vaksen ou Yo

ENFÒMASYON: Gen yon gwo epidemi lawoujòl — yon viris ki kontajye anpil — nan kèk pati Vil New York (NYC), prensipalman nan Williamsburg ak Borough Park, Brooklyn.

ENFÒMASYON: 9 avril 2019, Manm Komisyon Sante Vil New York la te deklare yon Ijans Sante Piblik epi te òdone ke tout granmoun ak timoun k ap viv, travay oswa pase tan nan kòd Postal 11205, 11206, 11211 ak 11249 pou yo vaksinen.

ENFÒMASYON: Si Depatman Sante a idantifye yon moun ki pa vaksinen ki ekspoze ak lawoujòl nan kòd Postal 11205, 11206, 11211 ak 11249, moun sa a oswa paran oswa responsab legal yo kapab peye yon amann \$1,000.

ENFÒMASYON: Yo kapab fè prevansyon pou lawoujòl fasilman avèk yon vaksen san danje yo rele vaksen lawoujòl, malmouton ak ribeyòl, oswa MMR.

- Si ou pa ko vaksinen, pran vaksen MMR lan imedyatman. Si ou pa konnen dosye vaksinasyon ou, verifye ak doktè ou.
- Si ou ta vle jwenn yon klinik pou jwenn yon vaksen lawoujòl, rele 311 oswa vizite nyc.gov/health epi chèche pou **measles (lawoujòl)**.
- Vaksen MMR la disponib nan Klinik Vaksinasyon Depatman Sante a nan Fort Greene, Brooklyn, ak nan Sant + Lopital NYC (NYC Health + Hospitals), kèlkeswa sityasyon imigrasyon oswa kapasite pou peye ou.

Q&A

Ki sa lawoujòl ye?

Lawoujòl se yon viris ki ka lakòz fyèk ak gratèl; li kapab mòtèl.

Ki moun ki ka gen lawoujòl?

- Nenpòt moun kapab gen lawoujòl kèlkeswa laj.
- Lawoujòl kapab grav pou moun tout laj, men moun ki plis arisk gen ladan tibebe yo ak timoun piti yo, fanm ki ansent yo, moun ki gen sistèm iminitè fèb yo, granmoun yo ki pa iminize kont lawoujòl.

Kijan ou ka fè prevansyon pou lawoujòl?

- Pi bon fason pou fè prevansyon kont lawoujòl se avèk vaksinasyon — li san danje epi li efikas.
- Si ou gen yon timoun ki piti pase 6 mwa laj, kenbe li lwen nenpòt moun ki malad. Si timoun ou an ekspoze ak lawoujòl, rele doktè ou pou enstriksyon yo.
- Si ou gen lawoujòl, rete lakay ou pou kat jou apre gratèl la kòmanse — si ou sòti, ou pral transmèt lawoujòl bay lòt yo. Si ou malad epi ou bezwen wè yon doktè, rele davans dekwa pou yo ka di ou kijan pou anpeche transmèt lawoujòl bay lòt yo.

Kiyès ki ta dwe vaksinen pou lawoujòl?

- Toutmoun.
- Sou lòd Manm Komisyon Sante a, chak granmoun ak timoun k ap viv, travay oswa pase tan nan kòd Postal 11205, 11206, 11211 ak 11249 dwe vaksinen. Moun ki gen yon kondisyon medikal ki anpeche yo resevwa vaksen an pa bezwen vaksinen.
- Tibebe yo k ap viv oswa ki ale nan gadri nan kòd Postal sa yo dwe pran yon dòz bonè vaksen an

anplis ant 6 ak 11 mwa pou pwoteksyon anplis, epi timoun yo nan kòd Postal sa yo pa kapab ale lekòl san yo pa pran vaksen an.

- Lòt tibebe yo ta dwe tou resevwa yon dòz bonè vaksen an anplis — konsilte seksyon kesyon ak repons yo ki annapre a pou konsèy.
- Paran ki gen timoun ki gen 1 ane laj oswa pi gran ki te deja genyen premye dòz MMR lan ta dwe pale ak doktè yo epi konsidere yon dezyèm dòz bonè si yo ap viv oswa pase tan nan Williamsburg, Borough Park oswa Crown Heights, oswa nenpòt lòt zòn ki gen aktivite lawoujòl.
- Si ou chwazi pou pa vaksinen timoun ou an, ou mete lavi timoun ou an ak lòt moun arisk.

Èske mwen dwe pran vaksen an si:

- **Mwen ansent?**
 - o Si ou ansent epi ou iminize pou lawoujòl, pa gen okenn risk pou gwosès la. Si ou pa gen dosye vaksinasyon yo, pale ak doktè ou a.
- **Tibebe mwen an gen ant 6 ak 11 mwa laj?**
 - o Tibebe yo nan kòd Postal 11205, 11206, 11211 ak 11249 dwe vaksinen.
 - o Timoun nan Borough Park ak Crown Heights ta dwe vaksinen.
 - o Paran yo ki gen tibebe ak timoun ki se manm kominote jwif Òtodòks la epi k ap viv nan lòt katye NYC yo ta dwe pale ak doktè yo epi konsidere yon dòz bonè vaksen MMR la.
- **Mwen ap travay nan Williamsburg?**
 - o Wi. Anba Lòd Manm Komisyon an ou oblije vaksinen oswa gen prèv iminite lawoujòl si ou ap travay nan kòd Postal 11205, 11206, 11211 ak 11249. Si ou pa gen dosye vaksinasyon yo, pale ak doktè ou a.
- **Mwen pase tan nan Williamsburg?**
 - o Tout Moun New York ta dwe verifye pou asire yo iminize pou lawoujòl. Si ou pat resevwa vaksen MMR la, fè sa konye a.

Kijan lawoujòl transmèt?

- Lè yon moun ki gen lawoujòl etènye oswa touse, moun ka respire viris la pou jiska dezèdtan apresa yo ka gen lawoujòl.
- Lawoujòl kontajye anpil. Si yon moun genyen li, 90 pousan moun ozalantou li pral genyen tou lawoujòl si yo pa vaksinen oswa iminize.
- Moun ki gen lawoujòl kapab transmèt viris la plizyè jou avan jiska kat jou avan gratèl yo a parèt.

Ki sa sentòm lawoujòl yo ye?

- Sentòm bonè yo gen ladan gwo lafyè, tous, nen k ap koule ak je wouj oswa k ap fè dlo. Yon gratèl bouton wouj parèt twa jiska kat jou aprè.
- Konplikasyon yo ka gen ladan dyare, enfeksyon nan zòrèy, nemoni, kriz, anfleman sèvo ak lanmò.
- Si ou wè sentòm yo, rele doktè ou a touswit. Doktè ou a ap enfòme ou kisa pou ou fè pou ou pa transmèt lawoujòl bay lòt yo.

Kijan yo trete lawoujòl?

- Lawoujòl pa ka trete ak yon medikaman espesifik. Kèk sentòm yo — tankou lafyè — kapab trete ak medikaman.

Èske vaksen lawoujòl lakòz otis?

- Non. Etid syantifik yo pwouve pa gen okenn lyen ant vaksen yo ak otis.